

Fèy Enfòmasyon #72: Travay ak Salè Selon Lwa Federal la Pandan Katastwòf Natirèl ak Rekiperasyon

Divizyon Salè ak Lè (WHD) Depatman Travay Etazini an aplike divès lwa pwoteksyon sou travayè yo, tankou Lwa sou Nòm Travay Ekitab (FLSA), Lwa sou Konje Familyal ak Medikal (FMLA) ak Lwa sou Pwoteksyon Travayè Agrikòl Migran ak Sezonye (MSPA). WHD ap bay repons pou kèk kesyon debaz pou asire ke nan moman kritik sa a moun yo touche byen pou travay yo fè.

FLSA se lwa federal aplikasyon ki pi jeneral konsènan salè ak lè travay. FLSA egzije anplwayè yo pou yo peye anplwaye ki kouvri, ki pa egzante omwen salè minimòm federal la pou chak èdtan yo travay reyèlman ak lè siplemantè a nan yon fwa edmi tarif reminerasyon nòmal anplwaye a pou tout èdtan li travay reyèlman yo ki depase 40 èdtan nan yon semèn. Kondisyon sa yo pa tonbe anba sispansyon pandan katastwòf natirèl ak efò pou retablisman.

1. Anpil anplwaye te travay pandan semèn anvan sitiyasyon katastwòf la, men kounyeya biznis yo fèmen epi anpil dosye yo detwi. Kijan anplwaye sa yo resevwa dènye salè yo epi nan ki delè yo dwe peye yo?

FLSA egzije pou peye omwen salè minimòm total ak peman lè siplemantè yo dwe yon anplwaye ki kouvri pou èdtan anplwaye a te travay. Si dènye salè a te anreta akòz yon sitiyasyon katastwòf natirèl epi si yon anplwaye gen kesyon sou FLSA, anplwaye a ta dwe rele liy asistans telefon gratis WHD a nan 1-866-4US-WAGE (1-866-487-9243).

2. Konbyen èdtan yon anplwayè oblije peye yon anplwaye ki touche pa èdtan ki travay yon pati nan semèn nan paske biznis patwon an fèmen akòz Katastwòf natirèl la?

FLSA a jeneralman aplike pou lè ki travay reyèlman. Li pa oblije anplwayè ki pa anmezi pou bay anplwaye yo travay akòz yon katastwòf natirèl pou yo peye anplwaye ki pa egzante yo pou lè anplwaye yo ta travay yo.

3. Èske travayè yo ka resevwa peman pou chomaj pandan yo p ap travay?

Pou jwenn enfòmasyon sou asirans chomaj ak asistans pou chomaj nan kad katastwòf natirèl, vizite paj entènèt [Asistans Chomaj nan kad Katastwòf Natirèl](#) Administrasyon Fòmasyon pou Travay Depatman Travay la.

4. Si moun yo sèvi antanke volontè nan yon ajans piblik, èske yo gen dwa ak peman?

Moun ki ofri sèvis yo kòm volontè nan yon ajans piblik (tankou yon gouvènman eta, pawas, vil oswa konte) nan kad sekou ijans yo pa konsidere kòm anplwaye ki dwe peman dapre FLSA si yo:

- Fè sèvis sa yo pou rezon sivik, charitab oswa imanité san pwomès, atant, oswa resevwa peman. Sepandan, yo kapab peye volontè ki ap fè sèvis sa a pou depans, avantaj rezonab oswa yon frè nominal pou fè sèvis sa yo; epi,
- Ofri sèvis yo lib epi san fòse, dirèk oswa enplisit; epi,

- Yo pa anplwaye pa menm ajans piblik la pou fè menm sèvis ak sa yap pwopoze sèvis yo kòm volontè.

5. Si moun yo ofri sèvis yo kòm volontè nan yon òganizasyon prive san bi likratif, èske yo gen dwa ak peman?

Moun ki ofri sèvis yo kòm volontè nan kad sekou ijans bay òganizasyon prive san bi likratif pou objektif relijye oswa imanité, san yo pa anvizaje oswa resevwa peman, yo pa konsidere kòm anplwaye ki dwe peman dapre FLSA. Sepandan, anplwaye òganizasyon sa yo pa ka sèvi kòm volontè pou anplwayè yo pou yo fè san peman menm sèvis yo anplwaye pou yo fè yo.

Kote yo mande anplwayè yo pou yo bay sèvis yo, enkli anplwaye yo, pou sekou nan ka katastwòf nan kad pouvwa polis jeneral federal, etatik oswa lokal, anplwaye patwon an pral konsidere kòm anplwaye gouvènman an pandan y ap bay sèvis sa yo. Lè ki konsakre nan sèvis sekou nan kad katastwòf natirèl la pa konte kòm lè travay pou patwon an selon FLSA.

Kikote pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sit entènèt Divizyon Salè ak Lè nou an: www.dol.gov/agencies/whd oswa rele gratis liy telefon èd ak enfòmasyon nou an, 1-866-4-USWAGE (1-866-487-9243), ki disponib 8:00 a.m. a 5:00 p.m. nan zòn tan ou. Piblikasyon sa a se pou enfòmasyon jeneral epi li pa dwe konsidere nan menm tit ak deklarasyon ofisyèl sou pozisyon ki nan règleman yo.

U.S. Department of Labor
Frances Perkins Building
200 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20210

1-866-4-USWAGE
TTY: 1-866-487-9243
[Kontakte nou](#)